



FICH ENFÒMASYON

GID POU W KAPAB IDANTIFYE EPI KONTWOLE PWOBLEM MALADI PLANT YO : 4EM PATI. KESYON POU POZE KLIYAN YO

Monica Elliott, Ken Pernezny, Aaron J. Palmateer and Nikol Havranek¹
Joubert Fayette²

Entwodiksyon

Pou w kapab byen dyagnostike pwoblèm maladi plant yo, li pa sifi pou nou sèlman yon bon obèvatè ; fòk nou genyen tou kapasite pou nou poze bon jan kesyon sou sa w wè yo. Pa bliye plant yo pa gen bouch, yo pa kapab pale. Kidonk, moun ki kapab reponn tout kesyon teknisyen yo se plantè a oubyen moun ki responsab jaden an. Lis nou pral jwenn pi devan an se yon pakèt kesyon ki kapab ede nou kòmanse fè travay dyagnostik la. Kòm wap fin abitye ak plant nan zòn nan, wap vin abitye ak pwoblèm yo tou, sa pral edew ajoute lòt kesyon nan lis nou pwopoze a. Nou vle w konnen ke li difisil anpil pou reyalize dyagnostik yon plant ki gentan mouri. Tout sa w ka fè nan ka sa se poze kesyon :

Lis kesyon pou poze kliyan an nan zafè maladi yon plant

- Ki plant li ye? Anpil fwa, yo pral sèlman ba w yon pati nan plant lan. Premye etap la ta dwe pou idantifye plant lan si kliyan pa konnen plant lan. Pafwa li enpòtan pou w konnen varyete espès plant sa a. Pa egzanp : yon moun ki pa abitye ak plant ki rele pye bwa “Cyprès chauve” (*Taxodium distichum*) lan, ka panse ke se mouri plant sa ap mouri alòske li nòmal pou li pèdi fèy pandan peryòd ivè.
- Ki kote plant lan grandi ? Eske se nan yon veso (po) oubyen nan yon jaden ? Eske li sòti pami yon pakèt lòt plant menm jan avèl ou dimwens eske genyen diferans kalite plant nan jaden an ? Eske plant sa apèn transplante oubyen repike ? Pandan konbyen tan oubyen depi kilè kilti sa sou tè a ? Ki kantite solèy li resevwa chak jou ? Aprè nou fin idantifye ki plant li ye, sa ede nou konnen ki kote li soti egzakteman.
- Eske plant sa oubyen pati nan plant sa sanble avèk lòt plant nan zòn nan, nan jaden oubyen nan vwazinaj la ? Ak kisa rès lòt plant yo sanble ? Pa ekzanp : Eske se tout plant la ki malad, oubyen sèlman fèy ki fenk ap pouse yo ? Eske se sèlman yonn nan douz plant ki malad oubyen se tout plant yo ? Eske w wè lòt plant nan vwazinaj la ki gen menm pwoblèm nan ? Repons sa yo pral ede nou konnen eske se òganis vivan oubyen twoub.

1. Monica Elliott, pwofesè, Depatman Plant Patoloji, UF/IFAS Fort Lauderdale Research and Education Center (REC); Ken Pernezny, pwofesè emerit, Depatman Plant Patoloji, Everglades REC; Aaron J. Palmateer, pwofesè asosye, University of Florida's Plant Pathology Department, Tropical REC; Nikol Havranek, biological scientist, Everglades REC, UF/IFAS Extension, Gainesville FL 32611.
2. Dokiman #PP-251, ki pwodui pa UF/IFAS electronic data information source (EDIS), te tradui e adapte pa Joubert Fayette. Joubert Fayette, Ph.D., fè pati de ekip kap pilote pwogram rechèch Fitopatoloji (maladi plant yo) nan pwogram Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA), Feed the Future, Haiti. Dat publikasyon orijinal fevrye 2008. Dokiman sa a te revize an jen 2014, revize an mas 2017. Adapte epi tradui an janvyè 2020.

- Si se sèlman yon pati nan plant lan kliyan an pote, nou ap mande ak kisa rès plant lan sanble ? Eske sentòm yo grav anpil ? Pa egzanp, yon kliyan kapab pote yon branch ki fennen epoutan se rasin plant lan ki pouri ki fè branch sa a fennen men li pa pote rasin nan. Si w pa bay anpil enfòmasyon ak echantiyon li pap posib pou fè dyagnostik lan.
- Kilè sentòm yo te parèt, epi kòman sentòm yo te pwogrese oubyen mache?

Kesyon sa yo nou pral jwenn la a kapab difisil pou kliyan an reponn, sof si li konn obsève jaden an byen, men bon jan repons lap bay yo ap ede anpil

- Ki dènye fwa nou te aplike pestisid (pou 3 dènye mwa yo si se yon plant kap viv plis ke 2 lane). Eske sentòm yo te la anvan w te fè dènye aplikasyon an ? Poukisa nou te fè aplikasyon an ? Pesticid kapab genyen ladanl pwodwi pou touye move zèb ak angrè epi lwil pou jaden yo tou.
- Eske w itilize move fonjisid, oubyen eske premye dyagnostik la pa te bon ? Pa egzanp : Yon kliyan kapab aplike yon fonjisid sou yon plant paske li panse li te malad, men fonjisid la pa janm fè efè. Oubyen : kliyan te aplike lwil pou kontwole ensèk, men li te aplikel nan moman ki te cho anpil. Kòm rezilta li boule plant lan tankou tach nan fèy.
- Kòman w jere nivo fètilite sòl la ? Ki angrè (N, P, K) ki te aplike nan 3 angrè sa yo epi ki tip angrè (ki ka fonn nan dlo oubyen angrè ki libere ti kras pa ti kras) ? Ki kantite ou te aplike, konbyen fwa ou te aplike ? Kòman w te aplike li ?
- Ki dènye fwa w te aplike angrè ? Eske sentòm sa yo te la anvan dènye fwa w te fè aplikasyon an ? Souvan defisyans nitrisyonèl yo konn konfonn ak maladi plant yo, men nou jwenn pwoblèm nitrisyonèl pi kouran ke maladi kay plant yo.
- Kòman sa te ye jis anvan epi lè sentòm yo te kòmanse devlope ? klima zòn nan kapab enfliyanse devlopman maladi. Gen kèk maladi ki pi fasil pou nou jwenn aprè peryòd lapli, oubyen peryòd fredri.
- Kòman irigasyon an ye ? Ki kantite dlo ? Konbyen fwa w te wouze plant lan, jaden an oubyen gazon an ? A kilè nan jounen an nou te wouze ? Ki kote dlo pou wouze a soti ? Ki distans ki genyen sòti nan bouch tiyo a rive nan plant lan ? Oubyen, eske se dlo kap koule sòti sou do kay la ? Sentòm ki gen rapò ak pwoblèm dlo (twò piti ou twòp) kapab parèt menm jan ak sentòm maladi plant yo.